Downtown Chambersburg Inc.

Mikwo-sibvansyon pou Amelyorasyon Biznis

Oktòb 2026

v.4

Entwodiksyon

Objektif Mikwo-sibvansyon pou Amelyorasyon Biznis Downtown Chambersburg Inc. (DCI) la se pou ankouraje envestisman biznis prive epi pou pi byen pèmèt atraksyon, retansyon, ak ekspansyon biznis nan zòn yo deziyen nan Main Street Matters la nan Downtown Chambersburg. Ti biznis yo se rasin ekonomi Chambersburg, epi sante ak kwasans yo lye dirèkteman ak sante ak kwasans Main Street nou an, ansanm ak efè Main Street nou an genyen sou peyizaj touris ak ekonomik rejyonal ak nan tout eta a. Yo dekri biznis ak pwopriyete ki nan zòn santral sa a kòm "pòt antre kominote nou an." Fason nou sipòte epi pran swen pòt antre sa a nan santvil/ Downtown Chambersburg pral gen yon gwo enpak sou fason nou wè tèt nou ak fason lòt moun wè kominote nou an.

Lè nou bay pwopriyetè ak biznis ki nan zòn santral sa a sipò finansye, n ap:

- Asire ke biznis divès, piti, ki posede pa fanm, minorite, ak veteran nan ak alantou distri santral nou an pataje nan benefis efò revitalizasyon nan santvil nou an
- Estimile envestisman prive nan pwopriyete ak biznis nan santvil la
- Pozisyone zòn ki deziyen an Main Street Matters la kòm yon destinasyon touris atiran ak koyezif
- Prezève eritaj achitekti etablisman nan sant vil la
- Kenbe sant vil la an sekirite
- Sipòte prezèvasyon ak kwasans biznis nan katye nwayo nou yo
- Kreye amelyorasyon pozitif pou kominote a ak yon mache travay solid nan sant vil nou an ak nan zòn ki antoure l

Mikwo-sibvansyon pou Amelyorasyon Biznis yo (Microgrants) se yon pwogram apa de lòt sibvansyon ak prè ke DCI, Borough of Chambersburg, Greater Chambersburg Chamber of Commerce, ak lòt òganizasyon ofri.

Limit Pwogram nan

Aplikan an dwe nan sèk ki defini zòn ki deziyen Main Street Matters la jan sa parèt anba a sou kat la:


LEGEND
Tax Parcels within 2500 Ft. Radius of Memorial Square Fountain
- Program Area
- 2500 Ft. Radius (Downtown Chambersburg)
-Borough Boundary Line
ZONING DISTRICTS
MDR - Moderate Density Residential
CC - Central Core
DCH - Distributive Commercial Highway
DCN - Distributive Commercial Neighborhood
PO - Professional Office
HI - Health Institutional
HC - Health Care Service
MM - Medium Manufacturing
HM - Heavy Manufacturing
Southgate Neighborhood Overlay District
N
W
E
S
HM
DCH
MM
CC
DCN
Grandview Crossing
Commerce
College
Edgar
Kenwood
Rd.
Wilson
Ridge
Rd.
Second
St.
North St.
Broad
Philadelphia
Ave.
Rife
Elder
Cemetery
Hamilton
Ave.
Harrison
Dr.
Heintzelman
Ave.
Miller
High
Franklin
Hood
Brookview
Ave.
Grand
View
Glen
Dartmouth
Green
Ct.
Bishop
Ave.
King
St.
Garber
Way
Lincoln
Loudon
Ct.
Queen
Federal
West
Spring
Rhodes Dr.
Mowery
Dr.
Kennedy
Fourth
Grant
Fifth
Monigomery
Nelson
Quarry
Third
Second
Washington
Elm
Ave.
Liberty
Catherine
Penn
Tolbert
Lortz
Ave.
Sixth
Seventh
Eighth
Floral
Ave.
McKinley
Stanley
Ct.
Forest Ave.
Ferdinand
Ct.
Ave.
Candlestick
Hollywell
Oak
Dump
Rd.
Redwood St.
Pine
Larch
Ave.
Birch
Linden
Walnut
Ln.
Hawk
Dr.
Locust
Main
Water
Cedar
Alley
Garfield
Philadelphia

Mikwo-sibvansyon

Gen mikwo-sibvansyon ki ka rive jiska $5,000 ki disponib. Mikwo- sibvansyon yo finanse atravè Pwogram Main Street Matters, yon inisyativ Depatman Devlopman Ekonomik Pennsylvania, epi yo administre pa DCI. Mikwo-sibvansyon yo limite a pwopriyete komèsyal ki egziste deja ak ti biznis ki nan limit jeyografik ki dekri nan direktiv sa yo. Batiman/bilding rezidansyèl yo pa elijib; sepandan, batiman komèsyal ki gen yon melanj biznis ak rezidans ka elijib.

Swa yon pwopriyetè etablisman oswa yon pwopriyetè biznis ka aplike pou epi resevwa finansman sibvansyon atravè pwogram Mikw- sibvansyon an, menmsi aplikasyon ki enplike chanjman fizik nan yon bilding mande apwobasyon pwopriyetè lokal la.
Chak pwopriyete ki nan zòn limit la ka aplike pou jiska de (2) Mikwo- sibvansyon.

Aplikan ki kalifye yo:
Mikwo- sibvansyon jiska $5,000 disponib pou biznis ki deja egziste ki:

- Ki sitiye nan limit jeyografik ki dekri nan direktiv sa yo
- Pa genyen prè ki anreta ak DCI
- Kontribitè nan misyon DCI pou amelyore aparans, anbyans, ak eksperyans Downtown Chambersburg la

Yo ka bay priyorite pou biznis ki kontribye nan vizyon DCI deklare pou Downtown Chambersburg kòm yon kafou kote atizay ak divèsite kwaze pou ini ansanm, manje lokal ak divès kalite kweizin entènasyonal konbine, nouvo lide ak valè tradisyonèl rankontre, epi kote gen anpil estil de vi ki vibran epi ki an sante. Yo ka bay priyorite tou pou nouvo aplikan yo.

Depans ki kalifye:

- Acha kapital
- Amelyorasyon estriktirèl oswa enteryè
- Mizajou materyèl, lojisyèl, ak koneksyon
- Aktivite pwofesyonèl maketing ak pwomosyon

Depans ki pa kalifye:

- Salè/avantaj
- Depans fonksyònman, sa ki enkli ladan lwaye/ipotèk ak sèvis piblik

- Envantè
- Founiti konsomab
- Frè pou jwenn lòt finansman
- Travay pwopriyetè lokal la oswa pwopriyetè biznis la bay
- Pwojè fasad oswa pwojè ekstèryè (DCI administre yon pwogram fasad tou epi li ankouraje biznis ki kalifye yo pou yo eksplore sous finansman sa a.)

Mikwo-sibvansyon yo mande yon kontribisyon egal a kantite lajan an. Mikwo-sibvansyon yo ranbouse apre depans pwojè a fin fèt.

Frè Aplikasyon
Gen yon frè aplikasyon yon sèl fwa ki pa ranbousab ki se $100 pou peye DCI lè w ap soumèt aplikasyon an.

Etap pou Aplikasyon
Men yon gid etap pa etap pou aplikasyon an. Li rekòmande pou yon aplikan potansyèl revize pwosesis la ak yon reprezantan DCI anvan li kòmanse yon pwojè.

1) Revize direktiv ak fòmilè aplikasyon pou Mikwo-sibvansyon an.

2) Idantifye ke pwojè a nan limit jewografik ki kalifye epi ke aplikan an ak depans yo kalifye anba/selon pwogram Mikwo-seibvansyon an.

3) Jan sa aplikab pou pwojè ou a, revize Gid Konsepsyon yo, "Nòm pou Tretman Pwopriyete Istorik" Depatman Enteryè Etazini an, ki disponib nan biwo DCI a.

4) Konsidere posiblite pou pwojè a kouvri anba Lwa sou Salè Prevayans Pennsylvania. Anplis, se responsablite aplikan an pou respekte kòd Borough Chambersburg la. Tout pwojè yo dwe tou konfòme yo ak Deklarasyon Non-Diskriminasyon Leta Pennsylvania.

5) Jwenn twa estimasyon pri oswa òf pou pwojè a, oswa yon jistifikasyon sou rezon ki fè sa pa posib. Y ap aksepte jistifikasyon yo sèlman nan ka kote li pa posib pou jwenn twa estimasyon pri, tankou lè gen yon kantite limite founisè nan zòn nan oswa lè se pou yon ekspètiz oswa yon pwodui ki trè espesyalize.

6) Kòmplete fòmilè aplikasyon an, enkli siyati pwopriyetè lokal la si sa aplikab. Atache/ajoute dokiman pri yo epi mete yon chèk $100 ki fèt sou non DCI pou frè aplikasyon an.

7) Òganize yon vizit preparatwa pou pwojè a avèk yon reprezantan DCI.

8) Lè yo apwouve l, y ap siyen yon kontra ant aplikan an ak DCI. Apati de moman sa a, aplikan an vin yon benefisyè sibvansyon an.

9) Fini pwojè a nan 120 jou apre apwobasyon kontra a, sof si kontra a di yon lòt bagay.

10) Lè pwojè a fini, kontakte DCI pou yon revizyon pwojè. Tout benefisyè sibvansyon yo dwe bay fakti ak prèv peman. Prèv peman an enkli ladan l relve bankè kat kredi a oswa paj devan ak dèyè yon chèk anile, ki redije jan sa nesesè. Pwojè konstriksyon yo mande yon sètifika responsablite pou chak kontraktè ki resevwa peman atravè sibvansyon an.

11) DCI soumèt demann ranbousman an bay leta. DCI ap kominike pwogrè a, enkli si gen lòt atik ki nesesè.

12) Yon fwa leta apwouve l, leta ap voye yon chèk ranbousman bay DCI nan yon delè 30 a 35 jou.

13) Yon fwa DCI resevwa finansman an, y ap voye yon chèk bay benefisyè sibvansyon an.

Mikwo-sibvansyon yo ranbouse mwatye pri chak pwojè, jiska $5,000. Total aktivite ki kalifye yo ka plis pase $10,000; sepandan, mikwo-sibvansyon sa a ranbouse sèlman jiska $5,000 pa pwojè.

Moun ki resevwa sibvansyon yo dwe kenbe bilding lan kòm yon antrepriz komèsyal pou yon minimòm twa (3) ane apre aktivite yo finanse yo fin fèt. Si yo sispann itilize l pou komès nan peryòd twa ane sa a, yo dwe remèt tout lajan yo te resevwa nan pwogram Mikwo-sibvansyon an bay DCI.

Komite Revizyon an

Manm Komite Vitalite a se Komite Egzekitif DCI a ki nonmen yo epi yo responsab pou revize Mikwo-sibvansyon yo. Komite Vitalite a genyen yon minimòm twa manm. Y ap deziyen youn nan manm yo kòm prezidan e li responsab pou dirije pwosesis revizyon aplikasyon an, dokimante rezilta yo, epi fè yon rekòmandasyon apwobasyon fòmèl bay Konsèy Administrasyon DCI a. Konsèy Administrasyon DCI a gen dènye apwobasyon sou tout Mikwo-sibvansyon yo.

Nòm Konsepsyon

DCI, ki respekte Downtown Chambersburg kòm yon Distri Istorik deziyen, adopte "Nòm pou Tretman Pwopriyete Istorik" Depatman Enteryè Etazini an. Tanpri konsilte/gade kopi pibliye direktiv sa yo (yon kopi ki disponib nan biwo DCI). Pandan Komite Vitalite a atann pou aplikan yo devlope pwojè yo ak bon lafwa dapre konsèy ki nan "Nòm pou Tretman Etablisman Istorik yo," nou rekonèt tou ke chak pwojè gen aspè inik ki mande yon sèten fleksibilite.

Egzijans Salè Prevayans

Egzijans Salè Prevayans yo jeneralman aplikab pou sibvansyon pou konstriksyon, demolisyon, rekonstriksyon, chanjman, reparasyon, renovasyon, amenajman espas ak enstalasyon machin ak ekipman pou pwojè ki koute plis pase $25,000. Pou nenpòt kesyon konsènan obligasyon final salè prevayans yo, tanpri kontakte Biwo Konfòmite Legal la nan 1(800) 932-0665.

Lwa sou Salè Prevayans Pennsylvania a (43 P.S. & 165-1 et seq.; 34 Pa. Code & 9.101 et seq.) ka aplike pou pwojè sa a. Si sa aplike, benefisyè sibvansyon an responsab pou mete to salè prevayans yo nan tout dokiman apèl dòf yo, espesifikasyon, ak kontra konstriksyon ki gen rapò ak pwojè a. Depatman Travay ak Endistri (L&I) gen otorite final pou pran tout dispozisyon sou salè dominan yo.

Voye kesyon yo bay Downtown Chambersburg Inc., 100 Lincoln Way East, Chambersburg, PA 17201. (717) 264-7101, ext. 204.